

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Indonesia mangrupa bangsa anu beunghar ku rupa-rupa sélérléng bangsa katut budayana. Dina hakékatna manusa mangrupa mahluk sosial, hartina teu bisa hirup sorangan, pasti bakal ngabutuhkeun jalma séjén pikeun hirup, ku kituna manusa hirup dina hiji kelompok nu disebut masarakat. Dina kahirupan masarakat bakal muncul kabiasaan-kabiasaan dumasar akal budi nu dipiboga ku manusa. Saterusna, ieu kabiasaan téh disebut kabudayaan. Kabudayaan mangrupa warisan sacara turun-tumurun anu teu bisa leupas tina kahirupan manusa dimasarakat. Kukituna individu kudu bisa nyaluyukeun pola pikir jeung sikepna kana adat-istiadat, sistem norma, sarta aturan-aturan anu dipaké di lingkungan budayana. Nurutkeun Koentjaraningrat (2009: 180) Ditilik tina ulikan antropologi, kabudayaan téh nya éta sakabéh sistem gagasan, paripolah, jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dijadikeun milik diri manusa ku cara diajar. Ku kituna kabudayaan aya dumasar hasil cipta, karsa, jeung rasa manusa.

Salasahiji bentuk tina kabudayaan anu mekar di masarakat nya éta upacara adat. Dina kahirupan masarakat Sunda hususna, hirup manusa teu leupas tina ayana upacara adat. Hasan Mustapa jeung Atik Soepandi dina Hufad (2005: 130) ngadéskripsiéun kumaha adat-istiadat urang Sunda nu kaunggel dina rupaning upacara, nya éta:

1) Selamatan yang berkaitan dengan anak, 2) pernikahan, 3) selamatan sekitar usaha pertanian, 4) selamatan sekitar rumah atau tempat tinggal, 5) penolak bala atau malapetaka, 6) selamatan sekitar bulan dan hari-hari penting, 7) selamatan sekitar keinginan husus, 8) mencari kekayaan dunia, 9) black magic, tenung, santet-pelet, 10) perhitungan waktu (hari, bulan, weton), 11) kesukaan, kesenangan, hobi tertentu, dan 12) selamatan sekitar kematian.

Upacara adat nu dilaksanakeun aya pakuat-pakaitna jeung kahirupan urang Sunda. Dina hal ieu, upacara adat direfleksikeun minangka wujud interaksi antara manusa jeung pribadina, manusa jeung Pangéronna, ogé manusa jeung alam. Interaksi éta téh tujuanna pikeun ngahontal kasalametan jeung kabagjaan, nu

ngaliwatan kasadaran dirina sorangan, masarakat jeung alam sabudereunana, sarta kakawasaan nu ngajaga tur ngamumulé kahirupanna.

Urang Sunda nya éta sakumpulan jalma anu digedékeun dina lingkungan sosial, budaya, sarta norma-norma atikan budaya Sunda. Urang Sunda miboga kabudayaan anu ngagambarkeun kahirupan sélér Sunda. Pikeun sabagian urang Sunda, upacara adat mangrupa hal anu kudu dilaksanakeun. Dina upacara adat aya ma'na-ma'na ngeunaan kahirupan anu kagambar ngaliwatan simbol-simbol anu digunakeun.

Upacara ngaruat bumi asalna tina kecap ruat atawa rawat anu hartina ngumpulkeun, nya éta ngumpulkeun kabeh masarakat désa sarta ngumpulkeun kabéh hasil bumi. Ruatan bumi masih dilaksanakeun ku urang Sunda, di antarana di Desa Margahayu Kecamatan Pagaden Barat Kabupaten Subang nu mangrupa bentuk kabudayaan anu ngarefleksikeun kahirupan masarakat nu mayoritas pakasabanna patani. Ieu acara ngagambarkeun rasa sukur ka Pangeran tina sagala rupa ni'mat, saperti ni'mat séhat, sukuran kana hasil tatanén, pikeun ngahormat ka Dewi Sri salaku Dewi paré, minangka ritual pikeun tolak bala, sarta dijadikeun sarana pikeun menta kalancaran dina melak paré kahareupna. Upacara ngaruat bumi dilaksanakeun unggal taun sabada panen atawa saacon ngamimitian tandur.

Upacara adat ngaruat bumi pikeun masarakat Desa Margahayu mangrupa bagian tina tradisi nu patali jeung religi, hiji kapercayaan lokal nu maneuh dilaksanakeun. Ieu tradisi teh geus aya tibaheula, diturunkeun sacara turuntumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna, pasti aya parobahan ti unggal generasi sabab arus globalisasi mangaruhun kana parobahan sosial anu nyababkeun kurangna minat masarakat kana pelaksanaan upacara adat ngaruat bumi.

Dumasar SKKD SMA kelas XII, diébréhkeun perkara maca artikel ngeunaan kabudayaan. Dina SKKD siswa diperedih sangkan mampuh nyangkem kana budaya anu aya di tatar Sunda. Kukituna, siswa dipiharep mikawanoh budaya sarta tradisi éta sorangan. Ieu panalungtikan, salian ti méré informasi, mudah-mudahan jadi pangdeudeul pikeun kaweruh siswa sangkan siswa apal kana upacara adat ngaruat bumi anu euyeub ku ajén-ajén filosofis. Ti mimititatahar,

prak-prakanna, nepi ka bérés upacara, katut sasajén anu digunakeun waktu upacara.Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep jadi pangdeudeul sajarah katut ajén-inajén Sunda.Ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun deui rasa reueus jeung wanoh kana tradisi sorangan, sangkan generasi ngora miboga tarekah pikeun ngaraksa tur ngariksa tradisi karuhunna.

Panalungtikan ngeunaan ruatan bumi saméméhna geus aya nu ngaguar, ngeunaan ajén inajénna anu mangrupa skripsi, diantarana :

- 1) “Fungsi Ajén Palsapah dina Tradisi ruatan bumi di Desa Banceuy Kecamatan Subang”, ku Virda Sufia Haetami taun 2011,
- 2) “Tradisi Ngaruat Lembur di Desa Tanjungsian Kacamatan Tanjungsiang Kabupatén Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII (Ulikan Sémiotik)”, ku Wini Widiastuti taun 2014

Dumasar pedaran diluhur, tépéla ulikan ngeunaan ajén falsafah kana upacara ruatan bumi di Desa Margahayu can kungsi digarap. Ku kituna diayakeun ieu panalungtikanpikeun ngajembaran ambahan ngeunaan upacara ruatan bumi, sangkan bisa dipikawanoh sarta ieu tradisi henteu leungit, hususna ka para nonoman dipiharep bisa lewih wanoh jeung ngabogaan tarékah pikeun ngamumulé tradisi upacara ruatan bumi. Hasil ieu panalungtikan, dipiharep bisa jadi salahsiji bahan ajar anu luyu jeung SKKD.kukituna, ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Falsafah dina Upacara Ruatan Bumi di Desa Margahayu Kabupaten Subang pikeun Bahan Pangajaran Maca artikel budaya SMA Kelas XII”

1.2 Rumusan Masalah

Tina upacara ruatan bumi loba pisan hal anu bisa dipaluruh jeung dipedar, Dina ieu panalungtikan dipaluruh ngeunaan déskripsi prak-prakan upacara jeung ajén falsafah dina upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Luyu jeung kasang tukang ogé identifikasi masalah diluhur, sangkan leuwih jéntré, masalahna dirumuskeun dina patalékan-patalékan ieu dihandap.

- 1) Kumaha déskripsi upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang téh?
- 2) Naon ajén falsafah anu nyampak dina upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah anu dipedar, ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum unggal panalungtikan tangtu miboga tujuan, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun waktu jeung tempat pelaksanaan, bahan jeung alat anu digunakeun, sarta nganalisis ajén falsafah anu nyangkaruk dina upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang, anu satulunya bisa jadi bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA, sarta jadi bahan informasi ka masarakat pikeun ngawanohkeun ka nonoman jaman kiwari sangkan miboga tarekah pikeun ngamumulé tradisi titinggal karuhun.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah, Sacara husus ieu panalungtikan téh miboga tujuan nyaéta:

- 1) Pikeun ngadéskripsikeun upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang;
- 2) Pikeun ngadéskripsikeun ajén falsafah anu nyampak dina upacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupatén Subang; sarta
- 3) Ngalarapkeun hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu kaunggel di handap.

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan budaya hususna upacara ruatan bumi anu aya di Désa Margahayu Kabupaten Subang, sartabisa dijadikeun référénsi kana pangajaran Basa Sunda sangkan bisa dimangpaatkeun jadi pang lengkép atawa acuan dina tarékah ngaronjatkeun pangaweruh ngeunaan budaya lokal di Jawa Barat anu hadé pikeun siswa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun guru, méré informasi jeung referensi dina ngajar ngeunaan ajén falsafah anu aya dina upacara adat ruatan bumi di Desa Margahayu;
- 2) Pikeun siswa, méré informasi ngeunaan ajén falsafah anu aya dina adat-istiadat dina upacara adat ruatan bumi di Desa Margahayu Kabupaten Subang pikeun conto keur nonoman Sunda sejenna;
- 3) Pikeun sakola, méré informasi yén ajén falsafah dina upacara adat ruatan bumi bisa jadi acuan pikeun ngaronjatkeun prestasi diajar ngeunaan adat istiadat jeung ajén falsafahna;
- 4) Pikeun masarakat, hasil panalungtikan dipiharep bisa nambah pangaweruh ngeunaanupacara ruatan bumi di Désa Margahayu Kabupaten Subang sarta méré motivasi pikeun masarakat hususna nonoman jaman kiwari sangkan miboga tarékah pikeun ngamumulé budaya Sunda sangkan teu leungit.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika atawa raraga tulisan anu digunakeun dina nulis ieu skripsi téh sacara gurat badagna kabagi jadi lima bab, nya éta saperti ieu dihandap.

Dina BAB I ngawengku bubuka, anu eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II ulikan pustaka, anu ngawengku ulikan tiori anu eusina ngeunaan falsafah, kabudayaan, jeung upacara adat, panalungtikan saméméhna, sarta kalungguhan tioritis panalungtikan.

BAB III métode panalungtikan, eusina husus medar ngeunaan métode panalungtikan, teknik panalungtikan anu ngawengku teknik ngumpulkeun data jeung teknik ngolah data, instrumén panalungtikan, léngkah-léngkah panalungtikan, desain panalungtikan, lokasi panalungtikan, jeung sumber data.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku déskripsi ngeunaan upacara ruatan bumi, sarta ajén falsafah dina upacara ruatan bumi.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Sangkan ieu panalungtikan bisa méré mangpaat pikeun ka hareupna, dina ieu bab ditambahan subbab rékoméndasi anu ditepikeun ku nu nulis ka nu maca.